EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# МӘЛИМЛЕМЕ - КИТАПХАНА МӘКЕМЕЛЕРИНДЕ ЭЛЕКТРОН РЕСУРСЛАРДЫ ҲУҚЫҚЫЙ ҚОРҒАЎДЫҢ АКТУАЛ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Айтымова Дилбар Аймуратовна**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы "Китапхана искерлиги"
кафедрасы аға оқытыўшысы
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10316821

**ARTICLE INFO**

Received: 02$^{nd}$ December 2023
Accepted: 08$^{nd}$ December 2023
Online: 09$^{th}$ December 2023

**KEY WORDS**

*Китапхана, автор, ҳуқық, электрон, ресурс, нусқа, шәртнама, нызам, интеллектуал, әдебият, дөретпе, мультимедиа.*

**ABSTRACT**

*Электрон ресурларды қәлиплестириўши мәлимлеме - китапхана мәкемелери ҳәм басқа шөлкемлер дөретпелердиң авторлық ҳуқықларын қорғаў хам олардан пайдаланыў ҳуқықына қаншелли ийе екенликлери, қымбатлы электрон фондларға ийе болған мәлимлеме-китапхана мәкемелери жуўапкершилиги, олардын усыған байланыслы нызамларға әмел етиў мәселелери ҳаққында сөз жүритилген.*

Авторлық ҳуқықының тийкарғы мақсети инсанның интеллектуал искерлигин қорғаў ҳәм ҳүрмет етиў болып есапланады. Электрон ресурсларды ҳуқықый қорғаў тек ғана жазылыў ямаса жәҳән мағлыўматлар базаларынан пайдаланыўға мүмкиншилик жаратыўда ғана емес, ал, локал ҳәм корпоратив тармақта өз электрон китапханаларын қәлиплестириўде де зәрүрли болып есапланады. Бул ҳуқықтың тийкарғы мақсети – инсанның интеллектуал искерлигин қорғаў ҳәм қоллап-қуўатлаўдан ибарат. Автордың ҳуқықларын қорғаў юридикалық система болып, ол материаллық ҳуқықый системаның бир бөлеги деп көрсетиледи. Авторлық ҳуқықы дөретпелерге өзиниң улыўма қатаң талапларын қояды, мысалы, автор өз жумысының руўҳый ҳуқықына ийе, ҳеш ким автордың рухсатысыз оны өзгертиўи ямаса автордың фамилиясын көрсетпестен пайдаланыў ҳуқықына ийе емес.

Өзбекстан Республикасында авторлық ҳуқықы "Авторлық ҳуқықлары ҳәм түрлес ҳуқықлар ҳаққындағы" (2006) нызам менен белгиленген. Әдебиятлардан китапханаларда пайдаланыўда авторлық ҳуқықын қорғаўда усы нызамның бир қатар статьяларынан пайдаланыўымыз мүмкин.

Китапхана мәлимлеме ресурсларынан пайдаланыў жеделлиги ең көп ушырасатуғын қубылыслардың бири болғанлығы ушын китапхана хызметкерлери қандай да айрықша шәртлерин есапқа алып, мәлимлеме ресурсларынан пайдаланыў шеклеўлери ҳәм де имканиятлары шеңберинде үйрениўимиз зәрүр. Мысалы ушын, автор өз шығармасының электрон формасынан тек ғана бул китапхана шеңберинде (компьютер оқыў залында) және оның оқыўшылар ушын нусқа алып пайдаланыўға рухсат бериўи мүмкин. Ол электрон версиясын, сатыўда пайызлы үстемелерин талап етиўи ямаса ҳеш қандай шеклеўлерсиз китапхана ресурсларынан пайдаланыўда толық

еркинлик бериўи мүмкин. Авторлық шәртнамасында шығармадан пайдаланыў ҳуқықы қанша мүддетке өткерилиўи ҳаққындағы шәрт белгиленбеген жағдайда, шәртнама дүзилген сәнеден баслап, 5 жыл өткеннен кейин, егер пайдаланыўшы шәртнаманы бийкар еткенге шекем кеминде алты ай алдын бул ҳаққында жазба түрде ескертилген болса, шәртнама автор тәрепинен бийкар етилиўи мүмкин.

Электрон ресурсларды жаратыў ҳәм пайдаланыўда авторлық ҳуқықын қорғаў бойынша әҳмийетли тәреплерин көрсетиўи мумкин. Дәстүрий ҳәм электрон көринисте усыныс етилгенде авторлық ҳуқықы объектлери сыпатында әдебий дөретпелер (көркем әдебиятқа байланыслы: көркем, илимий, оқыў, публицистикалық ҳәм басқа дөретпелер), драма ҳәм сценарий дөретпелери, текстли ямаса текстсиз музыка дөретпелери, музыкалы драма дөретпелери, хореография дөретпелери, аудиовизуал дөретпелер, реңли суўрет, мүсиншилик, графика, дизайн дөретпелери ҳәм суўретлеў көркем өнериниң басқа түрлери, сахна безеўи, көркем өнери шығармалары, фотография дөретпелери, геологиялық карталар ҳәм басқа (топография ҳәм басқа пәнлерге тийисли сызылмалар, эскизлер) дөретпелер есапланады.

Дөретпениң түп нусқасында автор ретинде көрсетилген шахс егер басқаша жағдай тастыйықланбаған болса, дөретпе авторы есапланады. Электрон толық текстли мағлыўматлар базасын ҳәм мультимедиалы мағлыўматлар базасын жаратыўда кимниң дөретпелеринен, қайсы дәрежеде (толықлығынша ямаса бөлек, текстли ямаса мультимедиалы формада) пайдаланғанын есапқа алыў керек. Автор шығармадан ҳәр қандай формада ҳәм ҳәр қандай усылда пайдаланыў толық ҳуқықына ийе. Автор китапханаға өз дөретпелерин санлы көриниске өткериў, мағлыўматлар базасында сақлаў, интернет арқалы тарқатыў ушын рухсат бериўи ямаса рухсат бермеўи мүмкин. Автор өз шығармасынан электрон көринисте пайдаланғанлығы ушын сыйлық алыў ҳуқықына да ийе. Бул ҳуқық автор ҳәм китапхана ортасында арнаўлы шәртнама дүзиў менен белгиленеди.

Автор разылығысыз ҳәм төлеўсиз қандай жағдайларда олардың дөретпелерин электрон китапханаға киргизиў мүмкин? Қайтыс болғанына 50 жыл болған авторлардың дөретпелеринен китапхана тосықларсыз пайдаланыўы ҳәм китапханада сақланатуғын әййемги қолжазбалардан хеш бир қосымша рухсатларсыз санлы көриниске келтирилиўи мүмкин. Соның менен бирге, дәрамат алыўды гөзлемеген ҳалда автордың ямаса басқа ҳуқық ийесиниң разылығысыз ҳәм тийисли төлемин төлемеген ҳалда, лекин шығармасынан пайдаланылып атырған автордың фамилиясы, исми, әкесиниң аты ҳәм әлбетте, дөретпе алынған деректи көрсеткен жағдайда китапханалар ҳәм архивлер тәрепинен дөретпениң жоғалған ямаса жарамсыз болып қалған нусқаларын қайта тиклеў, алмастырыў соның менен бирге, өз фондларынан бул дөретпелерди қандайда себеп бенен жоғалтқан басқа китапханалар ҳәм архивлерге шығармалардың нусқаларын бериў ушын баспадан шығарылған шығарманы, китапханалар ҳәм архивлер тәрепинен пуқаралардың оқыў ҳәм изертлеў мақсетлериндеги сораўлары бойынша, соның менен бирге, тәлим мәкемелери тәрепинен аудитория шынығыўлары ушын жыйынларда, газеталар ҳәм басқа дәўирли баспаларда баспадан шығарылған айырым мақалалар ҳәм киши көлемли

дөретпелерди, баспадан шығарылған жазба дөретпелерден (сүўретли ямаса сүўретсиз) қысқа бөleклерин бир нусқада нусқа алыўға рухсат бериледи.

Дүньяның жетекши китапханаларының ҳүжжетлерди нусқалаў бойынша авторлық ҳуқықлары тәжирийбесин үйренгенимизде, төмендеги ҳуқықый шеклеўлерди көриўимиз мүмкин. Ҳуқық нормалары тийкарында ҳәр бир китапхана пайдаланыўшыларын өз фондларында сақланып атырған ҳүжжетлер авторлық ҳуқықы, интеллектуаллық мүлк қорғаўы астында екенлиги ямаса басқа нызамшылық ҳүжжетлер тийкарында қорғалыўы түсиндирилиўи керек. Бул мақсетлер әдетте қолланбалар, авторлық ҳуқықы туўрысындағы көрсетпелер ҳәм пайдаланыў ҳаққында хабарландырыўлар арқалы тарқатылады. Авторлық ҳуқықы автор қайтыс болғаннан кейин жетпис жылға шекем әмел етеди. Британия китапханасында бундай авторлардың дөретпелеринен нусқа алыў ушын шығарманың ҳуқықый ийелеринен рухсат алыныўы ямаса нусқа алыў ушын төлемин төлеўи керек. Лекин бул тәртип коммерциялық болмаған мақсетте пайдаланыўшылар ушын қолланылмайды.

Муғдарлық шеклеўлер ҳаққында айтатуғын болсақ китапханалар фондындағы материалларды нусқалаў ҳәм көбейтиўде тек жеке ҳәм коммерциялық болмаған мақсетлерде пайдаланыў ушын рухсат етиледи, басқа ҳеш қандай мақсетлерде пайдаланыў мүмкин емес. Шама менен сондай мазмундағы текст китапханалардың нусқалаў бөлими қағыйдаларына киритилген. Британия китапханасы өз пайдаланыўшыларының нусқалаўдағы мақсети: илимий изертлеў ямаса ғәрезсиз тәлим алыў мақсетинде екени ҳәм ҳеш қандай коммерциялық мақсетлерге емес екенлигин арза-бланк толтырған ўақытта ескертеди. Британия китапханалары ҳәм Франция Миллий китапханасы сайтларында муғдарлық белгилерине гөре шегаралаўлар көрсетилген. Францияда китапларға салыстырғанда төмендеги қағыйдалар қолланылады. Бунда китаплардың улыўма көлеминиң 10% нусқалаў мумкин, газета-журналлардан болса, 30% нусқалаў мүмкин. Британия китапханасында китаплардан 5% ге шекем ямаса бир бөлимин, бир мақаланы пүтинлигинше ямаса егер мақала үлкен болса, журнал, газетаның 5% ге шекем нусқа алыўға рухсат береди.

Өзбекстанда бүгинги күнде мәлимлеме китапханашылық жумыс процесслерин автоматластырыў ҳәм электрон китапханалар жаратыў менен байланыслы болған мәлимлеме орталығы тез пәт пенен раўажланып бармақта. Мәлимлеме технологияларының кең қолланылыўы электрон көринистеги мәлимлемениң кең тарқатылыўы, оннан нусқа көшириўдиң жеңиллиги, әпиўайылығы ҳәм ҳәмменин бул имканиятлардан пайдалана алыўы, тек ғана инсаныяттың интеллектуаллық мийнетиниң жемиси болған дөретпелер жаратылыўына, бәлки санлы көринистеги интеллектуаллық мүлк объектлериниң пайдаланыўшылар ҳәм мүлк ийелери ортасындағы келиспеўшиликлердиң келип шығыўына да себепши болмақта. Көплеген университетлер, мәлимлеме-китапхана мәкемелери өзиниң электрон ресурсларын электрон каталог, толық текст көринистеги мағлыўматлар базасы, мультимедиа көринисинде қәлиплестирип атыр. Журнал мақалалары, китаплар, басқа түрдеги шығармаларды киргизип атырғанда, көбинесе, авторлық ҳуқықлары менен байланыслы сораўлар туўылады. Өз шығармасының электрон форматта интернет ямаса локаль тармақ арқалы ашық пайдаланылыўына ямаса сатылыўына автор разы

бола ма? Оқытыўшы өз лекцияларын билимлендириў мәкемелериниң электрон китапханасына усыныўды қәлей ме? Мағлыўмат базаларымызға шет ел авторларының ямаса баспаларының разылығысыз электрон сабақлықлар, мақалалар ҳәм басқа да ресурсларды киритиў дурыс деп есаплаў мүмкин бе? Усы машқала бүгинги күнде, текғана, электрон ресурсларды қәлиплестириў жумысларын енди баслап атырған мәмлекетлерде актуал мәселе болып есапланады. Соны да атап өтиў керек, шет ел баспасөз ҳәм мәлимлеме қуралларында раўажланған мәмлекетлердеги авторлық ҳуқықын қорғаўы мәселелери менен байланыслы суд процесслери ҳаққындағы мақалалар тез-тез көзге шалынып атыр. Көплеген авторлар глобал мәлимлеме мәканында өзлериниң ҳуқықлары бойынша пикирлерин билдирмекте.

Шығармаларды электрон усыныўдың ҳәр қыйлы түрлери, мәлимлемени тарқатыўда интернет ҳәм телекоммуникация қуралларының үлкен имканиятлары өз гезегинде дөретпе жаратыўшылар ушын авторлық ҳуқықын қорғаў машқалаларын жүзеге келтирди. Усы мүнәсибет пенен электрон ресурларын қәлиплестириўши мәлимлеме - китапхана мәкемелери ҳәм басқа шөлкемлер усы ресурслардың авторлық ҳуқықлары қорғалғанлығын, олардан пайдаланыў ҳуқықына қаншелли ийе екенликлери, республикамызда усы мәселеге қаратылған ҳүкимет қарарлары ҳәм нызамлардың бар екенлигине итибар қаратыўлары зәрүр. Бунда үлкен жуўапкершилик қымбатлы электрон фондларға ийе болған ҳәм жаңадан жаратып атырған мәлимлеме-китапхана мәкемелери жуўапкершилигине түседи. Баспалардың ҳуқықый ийелери ҳәм авторлар менен дүзилетуғын шәртнамалардың нызамшылық тийкарында дүзилетуғын шәртнамалар формасы ислеп шығылған болып, бул келешекте авторлық ҳуқықларын бузбаған ҳалда юридикалық ҳүжжетлерди қәлиплестириўге тийкар етип алынады. Шәртнамалар универсал характерге ийе болса да, бунда мәлимлеме китапхана мәкемелери менен авторлар ортасында дүзилетуғын келисимлер толық көрсетилген. Авторлар тәрепинен Өзбекстан Республикасы нызамшылығы ҳәм халықаралық тәжирийбелер тийкарында қәлиплестирилген шәртнамалардың стандарт формалары берилген. Шәртнамада автор талаплары, анық жағдайлар тийкарында өзгертилиўи, толтырылыўы мүмкин.

## References:

1. Муаллифлик ва турдош ҳуқуқлар тўғрисида: Ўзбекистон Республикасининг Қонуни: ЎРҚ - 42. 2006-й. 20-июль // Халқ сўзи. – 2006-й, 21-июль.
2. Рахматуллаев М.А., Ганиева Б.И. Жаҳон ахборот ресурслари: дарслик. – Т.: Алоқачи, 2019. – 188 б.
3. Рахматуллаев М.А. Проблемы и решения организации открытого доступа к информационным ресурсам: Сборник.– Т.: Изд. Национальной библиотеки Узбекистана, 2011. – С.7-14.
4. Aytımova, D. Bibliografiyanı oqıtıwda innovaciyalıq sabaqtıń áhmiyeti. Евразийский журнал академических исследований, 3(10), 150–152. извлечено от https://in-academy.uz/index.php/ejar/article/view/22044

5. Aytimova, D. The significance of an innovativelesson in teaching bibliography. Eurasian Journal of Academic Research. https://doi.org/https://doi.org/10.5281/zenodo.10020566
6. Aytimova , D. From the history of the formation and develorment of the first libraries in Karakalpakstan. Scientific Journal of the Fergana State University, 28(5), https://doi.org/10.56292/SJFSU/vol28_iss5/a49-53
7. Aytimova, D. Кутубхона ахборот муассасалари фаолиятини ривожлантиришда кутубхоначи кадрларнинг роли. https://hemis.uzdsmi-nf.uz/science/publication-scientifical-edit?id=339
8. Aytimova Dilbar Aymuratovna, "Effective Use of Pedagogical Technologies in Teaching Library Studies." Web of Semantic: Universal Journal on Innovative Education 2.5 (2023): 40-43.
9. Saparbaeva G. (2023). Ommaviy tomosha muassalari faoliyati tahlili. Academic Integrity and Lifelong Learning (France), 2, 15–21. Retrieved from https://www.openconference.us/index.php/academic/article/view/1039
10. Saparbaeva, G. . (2023). Madaniy dam olishni tashkil etishning asosiy omillari. Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры, 3(10), 68–71. извлечено от https://in-academy.uz/index.php/ejsspc/article/view/22187
11. Sharipova, D. Kitapxana – málimleme xızmetin kórsetiwdiń ayırım tendenciyaları hám wazıypaları. Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры, 3(10), 83–87. извлечено от https://in-academy.uz/index.php/ejsspc/article/view/22334
12. Худайбергенова , М. . (2023). Китапхана- малимлеме тараўын баскарыў усылларын жетилистририў. Евразийский журнал академических исследований, 3(10), 153–155. извлечено от https://in-academy.uz/index.php/ejar/article/view/22045
13. Sharipova Dilbarxan. "Issues of Improving the Methodology of Teaching Library Studies." Web of Semantic: Universal Journal on Innovative Education 2.4 (2023): 260-265.